Хьэшыр Чылар и вагъэр илъэси 180-рэ хъуауэ маблэ

ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОК1

№134 (21.542) ● 2009 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

IэмалыщIэхэм хурагъаджэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трнхащ.*

Налшык и бизнес-инкубаторым къыщызэIуахащ производствэм къыщыунэхуагъэщIэ IэмалыщIэхэм щыхурагъаджэ центр. Абы щагъэхьэзырынущ апхуэдэ Iэмалыщ1эхэм я инженерхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ. Центрыр къыщызэIуахьм иращIылIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен.

ЦЕНТРЫР къызэрэгъэпэщащ иджырей щIэныгъэр и лъабжьэу ящIа IэмэпсымэхэмкIэ.

Мыбы щеджа Iэщ1агъэлIхэм лэжьыгъэ щагъэуэтынущ машинэ, прибор щызэпкъраль хьэ, гъущI, пхъэм щелэжь Iэнат1эхэм, полиграфием, вакъэ щащI предприятэхэм, рекла мэ щыным, дыщэкI Iэщ1агъэм. Абы и бжэр зэIуахащ иужьрейуэ дунейм къыщагупыса Iэмэпсымэщ1эхэмкIэ зи цехэхэр къызэзыгъэпэщыну уэрый Iуэхущ1анIэхэм я унафэщIхэм папщIэ.

Центрым щеджэнуэр кыьхах я щIэныгъэм и инагъыр кьапщытэкIэрэ, еджанIэ нэхъыщхьэхэм къызэрагъакIуэм тещIыхьауэ.

Ар къызэгъэпэщыным текIуэдащ сом мелуанитху. Ахьшэр федеральнэ (процент 70-р), республикэпсо (процент 30-р) бюджетхэм ейщ.

- ЩIэныгъэм кьихута Iэмалыщ1эхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр икъуKIэ хуэныкъуэщ. Мыр зэкIэ еджанIэ центру арекъудейщ, ауэ абы гугъанIэ къыдет да республикэм и Iуэхущ1анIэ псоми Iэмэпсымэщ1эхэр къагъэсэбэныну, - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

Къыщынэмыщ1ауэ, ар щыгъуазэ ящIащ «Дея» сату-зыгъэпсэуп1э центрым и проектым. Абы иубыдынущ метр зэбгрыкъэнатIэу мин 23-рэ. Ар бизнес-инкубаторым щеухуэ «Дея» компаниемкIэ.

МЕЧИЕВ Асхьэт.

Къэпкъ Iуэхум щIыху псори дызэрешалIэ

Альпинист 98-р къырым йохьэ

Бадзэуэгъуэм и 15-м КъБР-мрэ КъШР-мрэ я лIыкIуэхэр Псыхуабэ щызэIущIащ. Ар теухуауэ щыташ генерал Эмануэль зи пашэ, Урысеим и япэ щIэныгъэ экспедицэм хэта Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур гъэтэпIэным.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэщIэгъэуIуэныкIэ Советым и тхьэмадэ Къалмыкъ Жылэбийрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я Президентхэм зэрызыхуагъэзам ипкъ иткIэ, а зэIуIэр кьыззэрагъэпэщащ Къанокъуэ Арсенрэ Эбзеев Борисрэ я унафэкIэ.

РеспубликитIым я лIыкIуэхэр нэхъыщIхьэ зытепсэхыхьар Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIыну альпинистхэмрэ щу гуп ежьэнымрэ я Iуэхур зыхуэI хуэзэу кьыззгъэпэща зэрыхъныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкIыу зэIущIэ хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Къуэшрокъуэ Залым**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ щIыналъэм щыIэм Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федерал инспектор **Канунников Владимир**, КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнат1эхэмкIэ, щIыхьэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэнымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр **Пащты Борис**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэщIэгъэуIуэныкIэ Советым и тхьэмадэ **Къазмыкъ Жыгъэбий** -Адан- балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев Суфян**, Урысейм и МЧС-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ, полковник **Хьэшыр Аскэр** сымэ.

РеспубликитIми кьынкIахэр зэдэарэзыныу кьрахьэжьа Iуэхур къызыхуэтынщIэу егъэкIуэкIыныкIэ щыIэ Iэмалхэр яубзыхуащ. Адыгэхэми къэрэшейхэми ирагъэжьэну гупхэр зэгъуэ щыIыну ягугъа щхьэкIэ, къэрэшейхэм нэхъ пасэу зыгъэхьэзырын зэрыщIадзам къыхэкIыу ягъэ ищынущ. Щыху 28-уэ зэхэт гупыр Iуащхьэмахуэ и щыгум къыщыдехьажкIэ, абы дэкIуеину зызыгъэхьэзыр КъБР-м и лIыкIуэхэр абыхэм щаIущIэнущ Эмануэль и губгъуэм деж. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, а зэIущIэр Iэтауэ екIуэкIынущ, абы кьрагъэблагъэнущ республикитIым я президентхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкI альпинист, шуэй гупхэм яхэтщ адыгэ, урыси, балъкъэр. Ахэр псори зэгъусэу щыху 70 мэхъу. Ди гупым зыкъыщIигъэкъуэнущ Псыхуабэ кьаIэм и администрацэм.

Щыгум дэкIыну альпинистхэмрэ щу гуп зекIуэмрэ я Iуэхур зэфIэкIа нэужь, УФ-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и нэIэ щIэту щIэныгъэ конференц ирагъэкIуэкIыну я мурадщ кьызэгъэпэщакIуэхэм. Абы щызэпкърахынущ Хьэшыр Чылар зыхэта, Урысейм и япэ экспедицэм щIэныгъэ и лIыкIуэхэкIэ иIа мыхьэнэр, Хьэшыр Чылар зыщыщ гъэпкъыр зыхуэдэр, нэгъуэщIхэри.

Псыхуабэ щекIуэкIа зэIущIэм КъШР-м и лIыкIуэу хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ щIыналъэм щыIэм Къэрэшей-Шэрджэсымкlэ и федерал инспектор нэхъыщхьэ **Коробейников Александр**, КъШР-м Гъэпсыкъ Iуэхухэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнат1эхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщI **Канцеров Рашид**, Хачировхэ я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм и тхьэмадэ **Исмэхьил**, КъШР-м и Парламентым и депутат **Хачиров Магомед**, Шэрджэс Адыгэ-Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**, абы и къуэдзэ **Сидакъ Мурат** сымэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.



Гъуэгугъэльагъуэ

Альпинистку ар щыIакъым,
Бзу дэсIыну пIалIэхуэт.
Хамэщ1 щIоуджэр, къыщIельэIэм,
Гъуэгугъэльагъуэ ар ахуэхъу.

Iэщ1ыхьэмахуэ нэущIыну,
Абы ахэр щIащажьэ.

Аущ бзыщхьэм нэс дэсIыну,
ЗыгъэсIар едгъи и закъуэну.

Пщэ зэкIэлахэм къаухьелъэхьэу,
Бзыу и щIегъэм зыщIилъхьэ.
АдыгэлIэм, нэгу кIэрыкIыну
Къэхуихьауэ лэжьыным щIохь.

БЛЭХъэрэкъ-Алий.

Псыхуаби «Гъуэгу махуэ» яжреIэ

● Зекiуэ

Ди газетым зэрытетащ, бадзэуэгъуэм и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэрым дахуэ щIагъэжащ илъэси 180-рэ я пэкIэ генерал Эмануэль и экспедицэм Iуащхьэмахуэ и щыгум хуэкIуэу зэрыча гъуэгуанэм техьаэр.

ТХЬЭМАХУЭМ, бадзэуэгъуэм и 19-м, Псыхуабэ дэт ипподромым абыхэм кьащIыщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Псыхуабэ кьаIэм щыщ шуэнхэр икIи зэгъэуэу я гъуэгуанэм пащащ, Зекiуэ ежьахэм я пашэщ «Гъуэрэн» шы фермэм и унафэщI Егъэн Ибрэхьимрэ Псыхуабэ щыIэ кьэзакъ зэгухьэныгъэм и атаман Поматов Валерийрэ.

1929 гъэм генерал Эмануэль зи пашэ, ди льаэгъу Хьэшыр Чылар зыхэта, Урысейм и япэ щIэныгъэ экспедицэм и лIыкIуэхэр зэрыкIуа гъуэгу дыдэм тету щуэйхэр Эмануэль и хуейм нэс. ДжIуеинуущ. Абдеж гъуэгур хуит щыкъуащIынущ Iуащхьэмахуэ и щыгум ихьэну альпинистхэм.

Километр 200 хъу гъуэгуанэр зэпызычыну щууейхэм гуфIэгъуэр дIэту ипподромым зыкъыщагъэльэгъуащ Ставрополь краймрэ щыщ кьэзакъ узэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэм.

ШЫПШ Данэху.

Iуащхьэмахуэ теухуа псалъэ

УщкIэ къокIуэ

Шэч хэмылъу, абы и гум къэкIат экспедицэм ихьыну дахэ къыщыдехьэрэ я фэм къыдихьыну.

- Девгъэпэщ1экI Дэ къыт-поплъэ Iуащ-хьэ-ма-хуэ, - зэпишащ генералым.

Пщыхьэщхьэм къыхуахьащ Аристотель и тхылъ щIыкIу:

"Кавказ - Илъэс КъухьэпIэ лъэныкъуэм щыIэщ къурш нэхъ уардэ дыдэр. Абы и лъагэрым и щыхьэпщ и щыгум дэнэ лъэныкъуэкIэ уцыIэми зэрыплъагъур, уеблэмэ Мэуэт гуэлым (Iуэзв тенджызэ) деж уцыIэми. Абы и ауэхэм щопсэу лъэпкъ куэд, гуэлышхуи щыIэу жаIэ".

1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Балъкъ тет Каменномост быдапIэм деж и щыр къыщыхьэдикъуащ Эмануэль. Топхэр зэдэуащ, фIэхъус ирату.

Сабэр драпхъейрт гъуэгум сатыр кIыхьу къыркIуэ дзэм - мыжъорзэхьэу 650-рэ, сэшхэу зыбыгъыну 550-рэ, топитI, лъэсырызекIуэхэр, къэзакъхэр, штабной-хэр, накъырапщитI, бэрэбэнауэ, гъуэгугъэльагъуэхэр, тэрэмэшхэр, шыхэр, махъшэхэр...

Бгыхэр гъунэгъу къэхъурт. Гупыр къуршым кьыщежьэ ауэхэм я зым дыхьащ, Урды, Балъкъ, Хьэсэуг псыхэм зэпрыкIащ...

Ахэр Урды бгым и лъапэм и деж къыщыувыащ...

Къэзакъым и фий макъ къэIуащ. Шу гуэри генералым и шэтырым и гупэм и деж къыщыувыIащ:

- Сабэ къоХтей мо лъэныкъуэмкIэ жьы къемыпщэу, шу гуп къоблагъэ.

- Iэщ1э яIыгъ?

- ЯIыгъщ, ауэ замыгъэпщкIуу къоокIуэ.

- ХьэмкIэуи?

- Хьэуэ, ущкIэ.

Генералым и бгрыпхыр щIикIуэщащ:

- Мо щыгум къэзакъхэр дэвгъэкIуей, зыми ямыIъагъуну...

- ФlэхъусI - сэлам къаращ къэблэгъащ1эуэ къепсыха щхуэм...

- Фыкъеблагъэ! Сэлам узох пщышхуэ, - жреIэ генералым Жанхъуэт Кушыку.

Къэзакъым лъэрыгъыр нубыдащ. Шур къепсыхри, генералым и Iэр гуапэу икъэщащ.

Зэпсэльхъэщ. Генералым тхъэ иIуащ зауэ Iуэху зэримыхуэу, - Iуащхьэмахуэ дэкIыну и мураду арауэ. Зэгъусэу щеI ефахэщ. Тыгъэхэр зэIэпахащ.

Ежьхьэмыну къэтэджыжауэ, щыIуэнIэм зыбгъэдэщащ бгырыс лIы къуэгъу гуэр: "Чылари модрей тхури уи гъусэнущ, псори щакIуэ Iззэхэщ. Бгыхэр яцIыху... Уэ уздыхуейм кIуэнущ, уи унафэр ягъэзэщIэнущ".

СИМОНОВ Евгений.

"Iуащхьэмахуэ теухуа псалъэ" тхылъым къыхэтащ.

(Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ щрикъум ирихьэлIэу дгъэхьэзыра тхыгъэхэм фыкъыщIеджэ 2 - 3-нэ напэкIуэцIхэм).

● Щэбэт щIыхьэху

ШколакIуэ мини 8-м - сом 1000 зырыз

Бадзэуэгъуэм и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щабэт щIыхьэху щекIуэкIащ. Сабийхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ щыта а псапащIэ Iуэхум хэтащ республикэм и предприятэхэу, Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэхэу мини 2,5-м щIигъум я лэжьакIуэхэр. ЩIыхьэхур къызэригъэпэщащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм.

ЩIЫХЬЭХУМ хэтахэм языныкъуэхэр я IэнатIэм пэрытащ, адрейхэм къаIэр, абы и Iэпэльащэр зыхуэй хуагъэзащ. Апхуэдэу КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и IэщIатъэлIхэм Налшыкыпсым и Iуфэхэмрэ къаIэ паркымрэ ягъэкъэбзащ. Щабэт щIыхьэхум къыщалажьа ахъшэр бынунагъуэщхуэхэм къахэкIа Балъкъ1уэхэм хуауэтIыпщащ. Республикэм и школакIуэ мини 8-м гъэ еджэгъуэщIэм и пэкъихуэу сом 1000 зырыз яIэрыхьэнущ. Сабийхэр зэкIэлъытащ къуэгъэхьэзырынымкIэ ар щIэгъэкъуэныщхъуэ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт зэрыжиIэмкIэ, щIыхьэхум къыщалажь мылъкум илъэс къэс хохъуэ.

- Нэгъабэрей мыпхуэдэ щэбэт щIыхьэхум и фондыр сом мелуани 8,5-рэ хьууэ щытащ. Ар сом мин 300-кIэ нэхъыбэт абы и пэ ита илъэсым къыхэкIа мылъкум нэхъ-рэ. ДызэригугъэмкIэ, мыгъэрей щIыхьэхум зи мылъку хэзыльхьа щIыхуэр нэгъабэрейм нэхърэ нэхъыбэнущ. Бынунагъуэщхуэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ апхуэдэ псапэ зылэжьхэр нэхъыбэ зэрыхъур гуапэ тщымыхъуу къэнэркъым, - къыхигъэщащ министрым.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Ари тIасхъэщIэхэр?..

Ираным щыпсэуу, Иджыдлыным и посольствэу Тегеран щыIэм щылажьэу ящыта щIыхьибгъэри къаутIыпщыжащ.

Абы ящыщу ебгъуанэр Ираным и унафэщIхэм тхьэмахуищкIэ щаIыгъар «Евин» тутнакъэщырт. Ар вэсэмахуэщ хуит щыхьужар.

Ираным Инджылызыри изгъэущI къэрал зыбжани егъэкъуанщэ, - мэкъауэгъэуэм и 12-м екIуэкIа президент хэхьныгъэхэм яужькIэ щыIа къаугъэрабгъэм къыззрагъэпэщауэ жиIэу. Посольствэм и аналитик нэхъыщхьэ Рассам Хоссейни ягъэкъуанщэрэ, а зэрыжехьэр къэралым къыщызззыгъэпэщахэм яхэтауэ. ИтIани, ар къаутIыпщыжащ, къэралым зэрымыкIуэсыкIынум и щхьэпIэу доллар мини 100 ита нэужь.

Ираным и Лъэпкъ тIасхъэщIэхIуэхущIапIэм зэрыжиIамкIэ, мэкъауэгъуэм и 12-м, хэхьныгъэхэр зэтрагъэувыIэн мурад яIэу, къэралым щалэжьын хуеI теракт зыбжанэ къыззпаудащ.

Китайм макIуэ

Бадзэуэгъуэм и 23-26-хэм ООН-м и Генеральнэ секретарь ПанГи Мун Китайм кIуэнущ лжьыгъэ Iуэхукlэ.

Ар нрагъэблагъащ КНР-м и правительствэм. ПанГи Мун а къэралым щIэкIуэ щхьэусыгъуэхэр зэкIэ къагъэлъагъуэрхьэм, ауэ экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Iуэхур зэхьэлIар Корее Ищхъэрэм и ядерие Iэщращ. ООН-м и ЩыгъуэншагъэмкIэ и Совет-тыр куэд щIауэ къегъэгъазэ КНДР-м иутIыпщ ракетхэм. Китайм тригъэчныхьу кьыхуреджэ а Iуэхумкlэ зэпсэльэныгъэхэм хэта къэралхэм - КНР-м, УФ-м, Корее Республикэм, КНДР-м, Японием, США-м-лэжьыгъэм пащэжьну икIи

Къэпкъ Iущигъэ:

Цы Iуданэм вы егъэлъэпэрапэ.

Жылагъуэ ягъэлъапIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Иджыблагъэ хьэтыкIуэ ягъэлъэпIащ Зеленчук жылагъуэр къызэрызэрагъэпэщ1э илъэси 150-рэ щрикъу махуэр.*

ГУФIЭГЪУЭ зэIущIэм хэтащ республикэм и президент Эбзеев Борис, парламентым и спикер Дохьушокъуэ Зураб, премьер-министр Кайшев Владимир, Кубань кьэзакъыдэм и атаман Долудэ Николай сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зеленчук жылагъуэр къыщызэрагъэпэщам абы щыпсэуар цIыху миниищ, иджыпсту ахэр 22174-рэ мэхъу, лъэпкъ зэхуэмыдэу 28-уэ зэхэтщ.

ХьэщIэщхэр яухуэ

АДЫГЕЙ. *Президент ТхьэкIумэнэ Аслъэнджэрийр «Контиг» компаниемрэ и унафэщI Тимербулатов Аслъэнрэ республикэмрэ Iуэхущ1апIэмрэ зэрызэрагъэпэщ1ыным теухуа зэгурыIуныгъэм иджыблагъэ Iэ традзащ.*

АБы къызэрыщыкъзолъэгъуамкIэ, «Контиг» компаниемрэ республикэмрэ щIэныгъэ медицинэ центрхэр зыхэт иджырей хьэщIэщ плIы. Лъжьыгъэхэр ильэсищ-тхум кьриубыдэу зэфIэкIынущ. Зы уахэмыгъэм икI нту доллар мелуани 100 тефIуэдэнущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ильэсибгъу дакIмэ, абыхэм фейдэ хэту щIадзэнущ.

Еджагъэшхуэм и фэеплъу

Къэралым и космонавтикэм хэтхьэрыгъэшхуэ хуэгъашIа, физик-еджакъэшхуэ Iуахуэ Олег щыгум Мейкьыгъэ ф1ыт уиэм фэеплъ къэбгъу фIадзащ.

ПэкIУМ кьрихьэлIащ Адыгейм и President щыта Джарым Аслъэн, Мейкьуэ1э кьаIэм и унафэщI Черниченко Михаил сымэ, щIэныгъэлIым и Iыхьлъхэр, благъэхэр, ныбжьыгъуэхэр.

Нэгъуэ Олег ядерие физикэмрэ радиоэлектроникэмрэ теухуауэ щIэныгъэ дэжьыгъэ 80-м щIигъу игъэхьэзащ, абы

хэм ящыщу 4-р хамэ къэралхэм къыщыдэкIащ. Иужьрей илъэситхум Адыгейм и къэрал университетым и кафедрэм и доценту лэжьащ, академик Келдыш Мстислав и медалыр къратащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Минрэ щийрэ тIощIрэ ещанэ гъэм Кавказ Ипщэм щыIа урысыдзэхэм я унафэщI нэхъыщхьэу мэуф генерал Эмануэль... Зи щIыхьыр инир щытащ Урысей пащтыхым и адъютанту...

АБы УНАФЭ къыIэрыхьащ илъэс куэдкIэ ирагъэкIуэкIа зауэм иригъэщу сабыр хъуа адыгэхэр къыдихьэхыну.

Мундирым и пIэкIэ Эмануэль зыщитIэгъащ адыгэ фащэр, ауэ генерал дамэтельхэр тельу, хьэзырхэм я щхьэIуэкIэ Георгий жорыр хэтIу Жанхъуэт, Урысейм, Абыкьуэ пщыхэм яхуелблэгъащ, Санкт-Петербург хуит зыкъригъэщIащ бгырысхэм я диным, хабзэм, нэмысым пщIэ хуищIыну...

Адыгэхэмрэ къэрэшейхэмрэ я щIыр щызэпхьэм, Псыхуабэ псыхъуэм и щхьэм деж щыт къалэжь цIыкIур - Нартсанэ фэнщэц, ауэ ихъуреягъэм псы хущхьэхэр зэхэр куэду къыщыщIож. КъаIэр тIэкIу зэIуэзэпэщ ищIын, фэ къытригъэуэн щхьэкIэ Италием кьрыригъэщащ архитектор Бернардащци Джузеппе.

Араущи, Эмануэль щыIэщ бгырысхэм я лъахэм, пэгъунэгъу дыдэщ езы Iуащхьэмахуэ. ЩIэныгъэм и хьэтыркIэ, ар дэкIынущ Iуащхьэмахуэ. Экспедицэм текIуэдэнур яфIэкъуэдыIуэщ кьулыкъуущIэхэм: кьабжащ сом мин щэщI, ауэ академием нIэр - 8 кьудейрщ.

- ИлъэсиплI и пэкIэ Къэбэрдейм къэзыкIа сыпхыкIауэ щытащ, - жиIащ Эмануэль, - къызэрыщIэкIымкIэ, абы ипщэр Мысырым щыщщ.

Къэзакъым и фий макъ къэIуащ. Шу гуэри генералым и шэтырым и гупэм и деж къыщыувыIащ:

- Сабэ къоХтей мо лъэныкъуэмкIэ жьы къемыпщэу, шу гуп къоблагъэ.

- Iэщ1э яIыгъ?

- ЯIыгъщ, ауэ замыгъэпщкIуу къоокIуэ.

- ХьэмкIэуи?

- Хьэуэ, ущкIэ.

Генералым и бгрыпхыр щIикIуэщащ:

- Мо щыгум къэзакъхэр дэвгъэкIуей, зыми ямыIъагъуну...

- Фlэхъусl - сэлам къаращ къэблэгъащ1эуэ къепсыха щхуэм...

- Фыкъеблагъэ! Сэлам узох пщышхуэ, - жреIэ генералым Жанхъуэт Кушыку.

Къэзакъым лъэрыгъыр нубыдащ. Шур къепсыхри, генералым и Iэр гуапэу икъэщащ.

Зэпсэльхъэщ. Генералым тхъэ иIуащ зауэ Iуэху зэримыхуэу, - Iуащхьэмахуэ дэкIыну и мураду арауэ. Зэгъусэу щеI ефахэщ. Тыгъэхэр зэIэпахащ.

Ежьхьэмыну къэтэджыжауэ, щыIуэнIэм зыбгъэдэщащ бгырыс лIы къуэгъу гуэр: "Чылари модрей тхури уи гъусэнущ, псори щакIуэ Iззэхэщ. Бгыхэр яцIыху... Уэ уздыхуейм кIуэнущ, уи унафэр ягъэзэщIэнущ".

СИМОНОВ Евгений.

"Iуащхьэмахуэ теухуа псалъэ" тхылъым къыхэтащ.

(Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ щрикъум ирихьэлIэу дгъэхьэзыра тхыгъэхэм фыкъыщIеджэ 2 - 3-нэ напэкIуэцIхэм).

УадыгэлIкIэ уэ, Чылар, уадыгэлIкIэ...

ШОРТЭН Аскэрбий и "Бгырысхэр" романым щыщ пычыгъуэ

БАЛЪКЪЫЩХЬЭ ауэ зэвым ерагькIэ зыдахуазэу урысхэр дэкIу ейрт. Мыхэр дзэуи плъытэ хъунут, сэлэти я гъусэ, т ропи здальэфт. Абыхэм нэмыщI выгу куэди щыдэ куэди я гъусэт, выгуэкIи хьалъэ гуэрхэр изу, щыдхэми зыгъэпсэфыжу, ятекIуауэ. Урысыбзэ мыпхуэдизу жыжьэу кьуэладжэм зэи дыхьатэкIым. Езы Ермолов дыдэм дзыхь ищIу щытакьым апхуэдизу жыжьэу кьурушим ихьэну. Арауэ кьыщIэкIынт бгырысхэм ар щIагъэщIагъэр. Абыхэм, зэрыхабзэ ти, Iэдж зм Iэдж жаIэрт, щхьэж зэрыхуигъэфащэкIэ.

Я зыныкъуэхэм я фIэщт: урысхэр я кьурушм щыдэжыеIр Балькыщыхьэ нэсу ар IуащIэну арауэ, псоныуэм Iус жыIэхэр пстыншIу кьагъанэу, кьагъэжыIэщIэн щхьэкIэ. Псыжь кьызэпрыкIыу линием кьытеуэ бгырысхэр зэрырагъэбгъагъэм и тезыру. НэгъэщIэхэм тхъэяIу эрт урысхэр дышэ пльыхьуэр. Тыриу сультIаныимрэ къэжэрхэм я шахьмрэ Урысейм дыщэ кьыпаубыдауэ, ирамытмэ - кьезэ уэну. Ещанэхэри нэхъ жыжьэж Iэбэрт. Абыхэм я зэхъыбарт инджыныз кьэралым и пашъхьэм и тыр урыс пащтыхьым кьишынэщи, уасэ иритыни имыгъэуэту и дзэр дыщэ пльыхьуэ нутIипщагъэ. ЕплIанэхэми щаIуэжт а псори щIыбгъэ, урысхэр кьезыжьыжьар я кьарур ягъэунэхужьыну арауэ, кьурушм иц нIиыжь нэ закъуэм, щхьибл зыфIэтим ебэныну дэкIуейуэ.

Ауэ а псори зэуэ кьэпльэльэжащ, урысхэр Iуащхьэмахуэ дэкIыну кьежьауэ щыжаIэм. А жаIа псом нэхърэ мыр нэхъ гъэщIагъэ щхьэнтIэм яшхуащI бгырысхэм. Ящыхьащ, я фIэщ хьуртэкъыми. Балькъыщхьэ дэкIуей дзэм я Iэтащхьэ генералым бгырысхэм щыщ хэт хуейми ирегъэблагъэ щыжаIэм, я щхьэ Iуэхухэр кьагъанэри зыкъомыр дзэм и ужь ирауащ, зы кьалэни ямыIэу, хьыбар пэж кьахьыжьи мыхьумэ.

Иджы сэлэтхэри бгырысхэри, Iэщышхуэхэри Iэщ щыкIури зэхэзэрыжьыжауэ ауэ нэпкь задэм дэущей пльагъуэ закъуэм щIэтыгъуэ, хагъэщIыжьыкIи щымыIэу, щIыхуэхри Iэщхэри зэщIэмэхьыкIауэ, дэпщейрт. Топхэр зэщхьэщыхьарэ топ гъуанэхэм кIапсэ ищIэжауэ з шы плIэнэкIэ дальэфыгъэт, яунэщIа выгуэхри зэхъуэрахьауэ щхьэхуэцхьэхуэу дахт сэлэтхэмрэ бгырысхэмрэ. Кьыр мывальэм зи льабжьэр емыса выхэри ерагът льагъуэ закъуэм зэрыдэкIыфыр, я пщэхэр хэшауэ, тхьупрымбэ кьажьэдэхэу дыгъэм игъэпльа мывальэм техуэу, бахьэр кьащхьэщIэхыу.

Гупыр нэпкь задэм зэрыдэлъэфри дыгъанIэ льэныкъуэмкIэ зи гъунэжр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ гъэмахуэ дыгъэ гуащIэм иуфэжьа губгъуэ щхьэунтIэм ихьащ. Мыр пщы Альэнджэрий и гъэрыпIэ хэрт, Дзэльыкъуэ хьупIэкIэ е джу. Дзэльыкъуэ хьупIэм адкIэжкIэ кьыщыт кьурушм нэр тепщIыщIэу кьыхэщIэрт льагъэ зыгъэпсэфыжьыр, кьыхэщIилэрт хьарэхьарэу, пльыфэ минищэу. Кьурушбэм кьыжьэхиху салкьыныи щыIэпытIу укьыщу узригъэхъуапсэт, мыуикьыфIыжк хьуапсэкIэ. ПIэнтIэкьым есы дыдэр зыкIэтхьэфу щIыгум игуэльхьэ, щIыльэми зиIэту уэгум зриупсэ фIэкIа, апхуэдизкIэ зэхъыжьауэ и дахагъэр, ар нурыщэу зэрыщIэщIыжкIыр уэгум кьыщIи, уэгурм зыщIэзауэ, кьабзэу щым и пльыфэ гъуэзэджэм зэщIигъэнэхукIи.

Куэд ямыкIыжу гупыр пщы Асльэнджэрий и уэтэрхэм техьащ. Мыбдежьым фIы дыдэ у, кIуэракъэ, уIэбэмэ и щхьэгум Iэ дэпльэн кьэпфIэщIу. Iуэзэжьэм зэщIигъэнэхукIи.

Куэд ямыкIыжу гупыр пщы Асльэнджэрий и уэтэрхэм техьащ. Мыбдежьым фIы дыдэ у, кIуэракъэ, уIэбэмэ и щхьэгум Iэ дэпльэн кьэпфIэщIу. Iуэзэжьэм зэщIигъэнэхукIи. Мы кьомыр я псэукIэкIи я дуней епльыкIэкIи зэхуэмыдэ пэтми, уеблэмэ, зыкъомыр зэтеплъэ мыхьуу зэбийуэ щытами, иджыри здэщытми, а псори яфIэбзэкьыжауэ, зэрафIэбзэхэри езыхэм ямыщIэжу, псори а зы дахагъэм зэщIIнIуIауэ, абы псэкIэ зэрищэлIауэ зэхэт, Iуащхьэмахуэ фIэкIа нэгъуэщI плъапIи гукъэкIи ямыIэжу.

ЗауэлIх эмэ емыщхьу урысыфи темыту лIы зытхухьи унафэ ящIурэ уэтэрыпщэм ибгъукIэ зыгуэркъэр щагъэзыт, Iуащхьэмахуэ хуэгъэзэауэ. Бгырысхэм якагурыуэртэкъым мы бжьамий инхэр, гъурэмэщхъэхэр щIагъэпрыкIу, пкьо кIыжьэнпщIэлэнхэм зыгуэркъэр тетхауэ, зэпрыстхьалIэауэ адэкIэ-мыдэкIэ кьыщIыхасэр, льагъуэ Iэтауэ бгырыс щхьэл щыкIуэхэм я щэрхьэм ещхьу, дэбэыкIауэ, жьыкIм дэдкIэрэ зыщIыщIэ. НэгъуэщI зы лIы гъур щыкIу гуэрми сэлэт зыбжанэ Iуишауэ бгъыкIэ ехуэхьпIэгуэнтIыкIти, арэ кьаухуэмыщIэу бэлъхьэ ятелъ абыхэм.

- Степан паша, - еупщIащ и урысыбзэ ныкьуэмкIэ Чылар мы гупым и лекару кьыздаша Степан Игнатьевич, а зауэлIхэм емыщхь щIыхуэхэр игъэлIагъэу зу, - чыто эта?

- Эй, эй, Киллар, - и адыгбзэр иримыкъущэми, а щIыхуэхэр зэрыбзэлъхьыр кьыгурнгъэIуэну пIыхьащ Степан Игнатьевич, - уадэмыджэгу абыхэм, щIэныгъэлIхэщ, академикхэщ, кьыбгурыуэркъэ? ЩIэныгъэлIу щыIэхэм я нэхъ ищхьэкIэм ящыщIи. Мес мо пкъор хэзыгъэр Купфер якъуэлэращ, дуней псом щыцIэрыIуэщ, дуней псом! Абы кьыбгъэдэтми нэхъ зигъэнэхьыкIэрхьыкIи. Ар Ленц якъуэлэращ. Модрейри пльагурыкъэ, мо тIуащхьэ ухуреишхэр Iуащхьэмахуэ тезыгъэпсэгъ? Ари академикщ, Мейерщ абы и цIэр.

Чылар, дауи, Степан Игнатьевич жиIэ псори тэмэму кьыгурыIуэртэкъым, ауэ абы кьыжриIэжкIэ кьэкIуэрыIуэ, мы хэр IуэхущхьэкIэ зэхэсыкIыуар, Iуащхьэмахуэ дэкIыну зэрамурадыр.

- Сыт абыхэм Iуащхьэмахуэ и щхьэм щалэжьынур, Степан? - мы кьыжраIэхэм хуэнэсейуэ еупщIащ Чылар абы.

- Сэ сщIэ мыгъуэрэ, и инагъ, и пльагъ кьапщытэну кьыщIэкIынщ.

- Ар мыбдеж щыту яльагъуркъэ?

- ЯльагъуI яльагъу, гъэзэну ящIэркъым, Киллар. ЗрагъэщIэнущ.

- Хьэлэмэт кьыжьеIпаI

- И щхьэ, и льабжьэ, и щыIагъ, и хуабагъ... Iэджэм щIоупщIэ, Киллар аIэр, Iэджэм. Зы псалъэкIэ жьпIэмэ - щIэныгъэлIхэщ.

- Ди Хьэжьы-Исмел нэхърэ нэхь еджа аIэр? - Чылар кьыкфIэщIт, я кьуажэм ефэнды ер Хьэжьы-Исмел нэхь еджагъэщIу э щIы хьурейм темыту.

- Нэхь еджащ, Чылар, кьудкIэ нэхь еджащ, кьуэш, кьудкIэ.

- Я дэ ди тхьэ! - Чылар и пыIэ кьуэцэшхуэр зыщхьэрихри, гуэзвэгъуэм кьыпхрихуа и пщIэнтIэнсыр трилъэщIащ. - Хэт и фIэщ хьунт!

Чылар занщIэ кьызыщIиубыдэу, кьызэригъэкIыу, зы гукъэкI хьыжьэ кьыпкърыхьэри, ари и гъащIэ псор нэхьыфIкIэ зэпыIуитхьыкIэ щыгугъыу, кьигъэпхьащэу , кьигъэпэу пэзэу кьызэщIэнащ, езы дыдэм я кьыпкърыуа гурыщIэм пэльэщыгъэ гуэри хуимыгъэутыжу.

- Степан, - жиIащ абы, и пыIэ кьуэцэр хуэфIу зыщхьэрихкъуэхуэр, - Степан, схуажеIэ, сэри садыдэкIынт абы хэм...

- Уи фIэщуп? - Степан Игнатьевич зэрещIэкъуауэ лъакъуэ сэмэгумкIэ хэпIкIащ, и дамэ Iуэхэр кьыфIыдзэ ешну. - НакIуэт модэ.

Степан Игнатьевич, хуэпсынщIэу, Чылар япэ яту ежьащ. И дамэ сэмэгур нэхъ ешхэкъуэ, жьыджэрыфIэ тету А тIур бгъэдыхьащ щIакIуэм тельъ уанэм блигукIэ егъэщIагъэ щылъ шхэ кнеерал Эмануэль. ЩIакIуэм кьетIыСкIауэ генералым кьыдэшхэрт Iуащхьэмахуэ дэкIыну мурад зыщIа академикхэрэм.

- Генерал, - нуэкIащ Степан Игнатьевич, - хуит фщIыкъэ, мис мы щIалэрэ ядыдэжьымрэ зи зпусхэм академикхэм, ядыдэжьымрэ Iуащхьэмахуэ.

Генералым зы хьэлэмэт зэхиха хуэдэ, и жьэм хуихьа блэгъыр хуэмурэ игъэтIылъэри, и нэр Чылар тримыгъэкIыу зыкъомыфIрэ зэпиплъыхьащ, сыт и лъэныкъуэкIи зэпигъапIщэу. Генералым и пащхьэ кьитт щIалэ, зи ныбжьыр илъэс тIощIрэ тхум-хым итыну щIым хэщIыхьауэ, плIабгъ уэ, пщэ кIэщI хьужауэ. ЕнтIырым кьыхалъущыкIа фIэкIа дунейм ар кьыздэпщIэн щыIэтэкъым. Чылар, псомкIи щхьэ яжиущу, и пыIэ кьуацэр зыщIхьэрихащ.

- Зыщхьэрыгъэ? - И пащIэ кьеупщIэжьа кьыщIэгуфIыкIащ Эмануэль. - ЖьащIэщ, щIыIэ уз бгъэтэнщ.

Ар кьыщIигъуIыуэм, кьеплъхэм ягъэщIагъэуэу, Чылар напIэзыпIэм и гуэнщэрыкьри и лъейри зыпIыдзащ, дыгъэмыхьэу я пэнкьым кьыкIэрына уэсым хэльадэри лъапцIэу уэсыкуэм кьыщыфэу хуежьащ. Генералми академикхэми заэтри задзащ Чылар дежьIэ. Абы зыхитIэрт, и лъабжьэм уэс сабэм зыкьыщIитэуэ, мыл щтырыгъу щыкIуэхэри и лъапэм кьыщIэпъэ ПIу, езы Чылар кьыщыхьэцих бахьэмрэ лъапэкIэ дрипхьей уэсымрэ зэщIрыгъэжауэ.

- Нет, нет, ныирал, Чылар больной не надо! - лъэкI кьыгьанэрэтхьым абы "Чылар игъащIэкIэ сымаджэ хьунукъым" жиIэ щIыкIэ.

- Хьунщ, хьунщ, щIалэфI, - Эмануэль уэсым хэщатэу бгъэдыхьэщ Чылари, и дамэм телъащ, ку зарэзыкъу. - Ушыхьэнщ уэри мыбыкъэм, плъагъункъэ, тхъэм гъэгъу кьыззэрывитщ...

ИгъащIэми Кавказым ар зэрыщIахабзэти, Чылар Iуащхьэмахуэ дэкIыну мурад зэрэщIар "ду" жиIэу зэщIэлыкIащ, зыр игъащIэу, адрейм зэригъэщIэгъэнуур имыщIэу, дауи, зи фIэщ мыхъуи щыIэт. АрщхьэкIэ Чылар, уэ тэрым кьытхьэжауэ, Iуэхум и пэжыпIэр кьыщIыуатэм, уэтэртесхэр кьызэщIбжьэхьуащ.

Сыт щIыгъуи зызышIыгэ, сыт щIыгъуи Iуэхум куууэ хэпльэф Дыкьуэ и щхьэр игъэщIэрахьэуэрэ кьыхидзащ, хэгупсысыхьу:

- Мы урысхэри, мы урысхэр!.. Дыдей кьэсаеу, иджы тхьэхэри ягъэпсэукьым.

Дыкьуэ я нэхьыжьт уэтэртесхэм, ауэ абы нэхъ фIэкIыфIну кьыщIэкIынт Чылар, сыту жьыпIэмэ, хьэзаб Iэджэ зи нэгу щIэкIа пщIылIм, псом хэумыдэжу и сабий щIыкIунтIэр зэкIэлъхьэжьу лIа нэужь, ар куэдым пыкIащ, гъащIэми езым и щхьэми хуэдэгъуэ кьэнащ, уеблэмэ динми хупIэщхуэ щымыIэжу екIуэкIт. Ар нэгъуэщIу щытатэмэ, динщIэкьу хьунт, гукIи псэкIи кьэсэхьыжьынти. Ауэ Дыкьуэ псэуныгъэм хэрэм эрряхъхуэм хуэдэу, а псэуныгъэм пыщIа адрей Iуэхугуэхэмри хуэщIыхьэ хьуащ, динри абы кьыщIкIуэу, Жьпп э хьунутэкъым абы диныр и фIэщ мыхьуу, хьэуэ, ар абы х уэбэлэрыгъэ кьудейт. Дыкьуэ э апхуэдэу щытмэ, Тазий иригъэкъужт псори. Абы и псэри, и лъэри Алыхьым IэщIэлIэт, хьэлэлу абы эритауэ.

- Си адэу щы фIыцIэм щIэлъ ТIыр и цIэкIэ соIуэ, - Чылар и хьыбарым кьиГъэгущIат ар,- фIэкIыхьу уцелэкIэ уэ, Чылар. Сыт а узыхьхьар? Сыт а зуэпыхьар? Iуащхьэмахуэ удэкIынуп?.. Тхьэхэм я тIысыпIэм, тхьэхэм!.. Уэ кьыбгурыIуэжрэ ар?

- ПIщIэжрэ, Тазий, - зиттэжьым Чылар, - Бэтокъуэ ди гъусэу, Iуащхьэмахуэ и щыIэ дыгъэм зыщыдидзэжьым дыдзэхуэпсэуэ щытар?.. Мис иджы сокIуэ... Мис иджы сокIуэ... Iуащхьэмахуэ и щыгу зыгъэр кьыщыкъхуэзэмэ, схьэуэтхъсыхэнщ, Тазий сыкьыпхуигъэкIыжащ жеслIэнщ...

Чылар гушыIэми и фIэщми кьыпхуэщIэнтэкъым. Арауэ кьыщIэкIынт Тазий нэхъ къэзыгъалIэр.

- Пу пу! Жьэр у уеймэ, зэщIэкъу э! - тельъэт ар Чылар.

- Уи шыпхъу закъуэр пщы Асльэнджэрий тырку сонддэжрэм зэрырыщащар пхужеСIэнщ, ар пщым хуимыгъэгъуну сыпхуелъэIунщ.

- Уи щхьи уи лъэIуи сыхуейкьым! - кьызэIуIуэпат Тазий зимыбыгъыжьыфу. - Си цIэ кьыуныIуэ, кьыуныIуэ, кьыуныIуэ, Чылар. Си адэу щы фIы цIэм щIэлъ ТIыр э псэр згъэщIащ, пхуэзэмэ!

АдэкIэ Iуэхур нэхъ куу хьункIэ шынэу ДыкIуэ хуежьащ щIалитIыр зэтрИыгъэу.

- Фыбэяу, делагъэ жьымыIэ.

- Ар делагъэ, ДыкIуэ, - зидзащ абы дежкIэ Тазий. - Алыхьым и хьэщIапIэ сыкIэнщ жьпIэу уежьну, езы Алыхьыр зэрыщIыIэр уи фIэщ хъугъэхэу щытмэ.

Дыкьуэ фIэфIыщтэкъым мы псалъэмакъым хэджэрэзыхьыну, ауэ игу иль хуэмыбзэщIу зыхуущIэльэфыжакъым.

- Ар пльагъуркъэ, Тазий, Алыхьым кьрищIыльэ Iуащхьэмахуэ ди щIыналъэ... Абы хамэ гуэр дэмыпщIэуэ ди щIыхь япэу дэкIмэ, ди щIыхь: мусльымэным кьильхуэу, Алыхьым и жагъуащ хьуну кьыщIэкIынкьым.

- Сыт а жьпIэ ЗкьэдгъуэдахэР, Дыкьуэ?

- Алыхьми ильгъэ зыхьэль щIыху жагъуэу ильагъуркъым, Тазий. Уи фIэщ щIы, имыльагъуркIэ.

Тазий адэкIэ хуэмыхьыжу кьызэгучыпащ. ПщIэнтэкъым абы щIыхур зымыгъэпсэхуж техьагъуэ хьэтхьауэ фIэкIа, апхуэдизкIэ ар зэгуэпым кьызэщIнкъуэуэ нудыныщIэрти. И Iэпкъэлъпкъ пщыкIутIыр зэщIэхьауэ, Iэзэхущыныщ1эу лIитIыр я пащхьэм ильащ ар, зимыщIэжу.

- ФыцIыхукъым фэ тIури, тIури фыхьэнэфикIыщ, фыхьэнэфикIы! Фэ тIуми щIагъ кIуэрыр кьыкIуэкIуэ, ауэ зэ дыхьэфхьынущи, аращ мыгъуэр. Алыхьым и нэлат къэфхьынумэ, фытхэкI, гъуэгу мыгъуэ фиужьэ, ауэ, ауэ дэ... дэ...

АдэкIэ, Тазий зыри хуэкмыIэжу кьызэщIэнэрэ, итIанэ и нэпсхэр зэуэ кьыщидащэ, уэру, зэтегуIэу, зэтебгэу.

Тазий уэтэрым кьыщIэкри кьуажэмкIэ иуэтIащ, а зэрыгъэщ, зэрыжжу.

- ЦIыхухэ! - кIийрт ар зэрыльэкIкIэ. - ЦIыхухэ! Алыхьыр зэуэнэхэм нурад бадджэ ящIащ! ЦIыхухэ, зыыфхьэмуэ, емынэунэ дыщыхьуну махуэр кьэсащ...

Кийрт ар, бжэрт ар, кьуажэм хуэжжу...

НЭХУЩЫМ генерал Эмануэль и лагерым зиIэтащ. Иджы Iуащхьэмахуэ и лъабжьэ кьыщIэт зы пщыт лъагапIэ цIэнщэ гуэрым нэсу, лагерыр абдеж кьыщIэзэтеуВыIэу, адкIэ Iуащхьэмахуэ дэкIыну гупыр ящхьэщкIым уеят. Чылар бжэгъу кIэщI, зи пэм гъущI мыжурэ кьэрэкъэш фIэлъыр, иныгъыу академикхэм я курыкупсэм иту кIуэрт. Мыбдежьым и гъусэхэр зэпиплъыхьат абы, дэтхэнэми лъкIынмрэ и тепIъэлъэр кьэпщIэну.

Купфер лIы гъумыщIэIуэти, Чылар игукIэ жиIащ абы ну эдыщэ хуэмыкIуну, ар щIэх ешыну. Мейер щхьэкIи гукъэкIыфI кьыкуэгъэтакьым. Ари щIэх псэкъжыну кьыпхатащ, гъурыщэтти, кIыхьыщэтти. Чылар а псомкIи нэхъ кьахихар Ленцщ. Адыгэхэм лIы и кьуэгъурэ вы и гъуррэ жьыхуаIэуи хуэдэт Ленци, абы нэхьыбэ икIуфыну игъэуващ Чылар.

Iуащхьэмахуэ и джабэху дахэм зыуIэпишэу, езыр кьоджэ хуэдэ налькьутэ нэринэу зэщIэхьу эпскIыкIыу, дыгъэ кьыкьуэкIым и бзийхэм ар дыхьэрэныфэу зыщIагъэжьыу зу, зэщIагъэпсыкIыу, уэсхущэм т епьащIэу, у арда, мамыр у кьыщIитт, уафэ кьабзэм щIэу зу. Дэнэ лъэныкъуэкIэ упльами, пх уэмышIэчу псынщIэу, уи нэ хэм кьытрагъэзэжт Iуащхьэмахуэ дежкIэ, апхуэдизкIэ ар гупымыкIыу, щхьэмыкIыу, хуэфIыу зыщIэрыгъэуну дахащэти. Чылар, и гурыщIэр зэщIэнэхукIауэ, езы Iуащхьэмахуэ и джабэхуэхэр зэрыкьабзэм ху эдэу мы дуней псом хуэхьабзэу, ху эжьмартэ кIуэрт, бадзу лъэкIэ щIым теуэ з, мыпIащIэу, ауэ хуэзыIуэ.

Чылар и кIуэцIыкIыщIэм хьэжькуриIуэ щызэрызэхьэт гурыщIэ Iэджэ, Iуащхьэмахуэ гущIэкIэ екIуапсэ пэтми, ар абы кьыпгъэгуIэт и инагъэр и пльагагъкIэ. Чылар тетуIуцуат мы Iуэхугъэм, ауэ, зэрыхьунур кьыззэрыхуэмыщIэм кьыхэкIкIэ, зэ3эмыз: "Мы сыныгъуэ хуэпсэхуэ кIуэрт ар, бгым нэхъ зи Iэтыжу зыхищIэу и кьарур нэхъ мащIэ хьууэ.

Iуащхьэмахуэ мамырт икIи дыгъэпст. Дыгъэм фIыуэ зиIэтауэ Iуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм кьитIысыкъуэ кьежьэрэзмэхэт, арщхьэкIэ мыыпыIэ абрагъэхэм зэщIаубыдэжа гъэмахуэ уэсым ар пэльэщыфтэкъым, ауэ и уэсыщхэр кьитгъэщбэти, Чылар, и башыр, мыжурэ зыифIэсыкIыр, фIыуэ пхыкIт. Чылар и лъакъуэрэ и лъэгуажьэм кьыфIэжьыу пхыыт. Уэс щIэткIукIым кхэдкIэ нэхъ кьигъэхьэлъэрт Iуащхьэм дэкIхэм я гъуэгуанэр.

Чылар кьызэпльэкIащ. Абы кьиплъэгъащ академикхэр кьэрыIуэу зэпсым хэгъуэтыжьауэ хэ лъу, адрей тIур абы щхьэщыту. Чылар псынщIэу кьиГъэззэкри, щабгъэдыхьэм, гъэщIэгъэуэн щыхьуащ - щылыпр Чылар нэхъ щыщIэ гуГъэ Ленцт.

Чылар зэригъэзыхри:

- Давай, давай, кунак, - кьызэщIиIэтащ Ленц.

Абы и Iэблэр иубыдри, Чылар япэ нурвэжащ, хуэбгъу зыхущIаIуэ Ленц, ар и дамэм кьытрагъэкIыжащ. Ар хуэдэ защIэу аxэр кIуащ зыкъомыфIрэ, лъэбакъуэ щэ ныкьуэ ичыкуIэ, Чылар зэ кьэувыIуэрэ заригъэгъэпсэхуэ. АрщхьэкIэ, Iуащхьэмахуэ и сыджьи пэсыкIыжьауэ имыIэ жу, Ленц кьэрыгъэлэпащ. Мыдрей тIуми яхуэхьыж щыIэтэкъым. Ленц зэрехуэхьу, Купфери Мейери етIысэхащ, кьару лъэпкъ ямыIэжу.

- Си щхьэр, си щхьэр кьочэ, - ерагькIи кьыдришеящ Ленц.

- Аращ бгыщхьэ уз щхьэуаIэжьр, сэри си кьэжьын кьокIуэ... Сэри ар дыдэр кьыспкъэрыуэ аращ, - жиIащ Купфер.

- Сыт-тIэ ди унафэр? - щIэупщIащ нэхъ зызыыIыгъыф Мейер. - Дгъэззэжьну?

- ДгъэззэжьнкIэ Iэмал иIэкъым! - Ленц кьэтэджькъыну щеIэм, Чылар абы зыхэпщIитащ. Ар кьыгъэтэджащ, арщхьэкIэ лъэбакъуипщIи ямычу. Ленц нэкIыкIэ хэхуащ уэсым. Чылар ар кьыззэригъэдзэкIащ и гущыIыгъ кьыдэгъэзэгуэ. Ленц и жьэр ину зэтехат, абы зэримыгъэуэтыр нэрыльагъуу, бауэкIэщI хьауэ, Чылар ар Iэщ1эу з бэдджэкIэ Ленц и напэр итхьэщIу хуежьащ, арщхьэкIэ абы и нэхэр кьыззэтрихри:

- Кил-лар, молодец... Не надо, - щабэу и плIэм кьытеуIэри, и нэхэр зэтрипIэжащ.

- Дгъэззэжьын хуей хьунущ. Киллар, уэ дауэ уеплър? - кьеупщIащ абы Купфер.

Чылар и дамэхэр зэхуитащ, "сщIэрэкъым" жиIэ щыкIэ.

- Сэрэ сыкьыщIэхьэ, - жиIащ Мейер, а льанэрэр фIыуэ зызыыIыгъам.

- Дгъэззэжьнщ, - хьэлъэу етIысэхащ Купфер.

Iуащхьэмахуэ лъабжьэм щIэтхэм иджы кьыхуэзыбдыкьыртэкъым дэкIэр. Генерал Эмануэль нэрыпльэр иIыгъти, абы фIыуэ ильагъ ут ЙипIлри. Генерал-лыр кьаухъуреихьауэ зыщIыбгъэхэри, хуэдэу. Ахэр лагерым ящхьэщыкIауэ, Iуащхьэмахуэ и нэпкьым и зэхуэдитIым деж нэсауэ, мыбдежьым зыщрачыну нэху

кьатещыхьати , лагерь псор зэщIэтэджауэ абыкIэ пльэрт. Нэрыпльэщ1эу хуитту плъагъурт уэсым кьытещ цIыхуипIлыр, уеблэмэ, ахэр зэрыпIэжьажьэр. Сэлэтхэмрэ кьэзакъхэмрэ нэмыщI лагерь пльапIэм деж щыIэхуэсат бгырысхэри, Псыхуабэ кьэкIуэ зыгъэпсэхуахьуэхэри, цIыхуб хэри ящIыгъужу.

Псори мы щIыпIэм езэгъми, цIыхубзхэр мыбдеж кьыззэрыхутар гъэщIэгъэн ящIымыхъуу кьэнакъым бгырысхэм. Хуабжьу зыкъэрахьу, балхэм зэрыкIуэ фащэкIэ зэщIэу эпаxэу, зэщIэкъузахэу, бостей кIыхь хьужакъэу, хьэуаазэ пыIэ лъагэхэр ящхьэрыгъыу, гъэщIэгъуэнт а кьомыр. Зы офицер щIэ гуэрым гуфIэгъэщхъэ зэрихьэрт:

- Зиусхьэнэ, дэ нобэ тхьэцэм кьыщIымыхьуа Iуэхугъуэм дрищыхьэту кьыщIокI. ИгъащIэм кьэмихьуар тIьагъуэц. Хэт ищIэн, мы бгы зэрамыщIэжьм дэкIыфаxэр дэр фIэкIа дяпэкIэзыми имыльагъужьнкIи хьунц... Европэ псом и нэхъ льаганIэ ин дыдэм дэкIыфаxэм. Ар, зиусхьэнэ, плъагъун папщIэ Петербург дэнэ кьэна Эфиопием укьикIыу абы уепль хьунц. - ЦIыхубзхэм, офицер щIалэм и псальэхэр даIыгъу, Iэгуауэ яIэтащ.

- Сэ схьэунтатэмэ, зиусхьэнэ, - кьызэрыгъэщIапIэ офицер щIалэр, - нобэ дэкIыф дэтхэнэ зыми Георгий и орден зырыз естынт.. Фи фIэщ фыць, биим и зы полк зэхэпкьутэну нэхъ тыншкIэ уи закъуэу Iуащхьэмахуэ удэкIи нэхъ рэ, фщIы ар фи фIэщ!

Цыкубзкъ зэрыдэкъуэ, зэрыгъэкIийуэ, бгъэдыхьащ Эмануэль.

- Генерал, цIыхубзхэр дыныволъэIу Iуащхьэмахуэ дэкIхэм я щIыхьыр фыыгъэзкIуэдыну!

Гуащхэ, фыыгу заявэ абыкIэ.

Эмануэль кьэтэджауэ, хуэIэгъэщ цIыхубзхэм щхьэщэ яхуищIурэ псори зэпиплъыхьи, нэхъ кIуэгъэр кьыхихуэ, я зызымыгъэщIыжкIэ зэпипщIыгъэ.

- Фымыу заявэ, тхьэм щхьэкIэ, фымыгъазэт... Iкъэм дихах эщэрэ, дэ абыхэм я щIыхуэ кьыттенэнтэкъым, зиусхьэнэ.

- Хьэлэмэту фIыуэ макIуэхэр! - Iэдакъэм хущIэплъу жиIащ офицер щIалэм.

- Хэт а япэ итыр? - щIэупщIащ хьыджэбэ ныбжьыщIэ кьамылIыфэр.

- Хэтми - баз! - и Iэр ишиящ офицер щIалэм.

- СыткIэ?

- Ар дэкIмэ - удэкIуэнщ абы!

- Дэмыкlмэ-щэ?

- Уэых уейр, дахэ.

- О, сэ сызыхуей псом уи кьарур пэльэщыщыкIым, - и нэ фIыщIэхэр дыгъэ бзийм дэджэгурт хьыджэбэ гуакIуэм. - ПэльэщIыкIым...

- Ар си Iэхэужщ.

- Апхуэдэу щытми, хэт а япэ итыр?

- Бгырысы... Киллардиц жаIэ и цIэр.

- Абы фIыуэ хегъэщI.

- ТщIэгъэнкIым, мы щIыпIэращ кьыщалъхуар.

Пэжу, Чылар фIыуэ хигъэщIу дэкIт, мыпрей хэри абы кьыжьэкIэрыкъу щIагъэ щыIэтэжьым. Чылар гъэзур хишу арати, дауи, ар куэдкIэ нэхъ гугъу екът. Уэсым и хужьагъым, ар зэрыпщIыщIым кьэ щIыкIэ, ар зэрыпщIыщIыр щIыкIэ, Чылар и гъэзур хишу арати, дауи, ар кьуэдкIэ нэхъ гугъу екът. Уэсым и хужьагъым, ар зэрыпщIыщIым кьэ щIыкIэ, ар зэрыпщIыщIыр щIыкIэ, Чылар и гъэзур хишу арати, дауи, ар кьуэдкIэ нэхъ гугъу екът. Уэсым и хужьагъым, ар зэрыпщIыщIым

Ди лъэпкъ нагъыщэу къуршхэм я тхьэмадэ



Іуащхьэмахуэ.
Литографиер НЕКРАСОВ Николай и альбомым кърахащ.
1875 гъэ

КЫЩОКЪУЭ Алим

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Мэжейри, жэщыр къыхэщтыкIыу
Щхьэщыгъщ гуфIыгъэ Іуащхьэмахуэ,
ПIэсу тIкIуэтIыну гум кIымыкIыу,
И Іэдэбгъэр гъэнахуэ.

Къыр лъагъэ щIыкIэр зэхэгъуащэ,
Жьыр къэщэсаз къуэм дольагъ,
Пщэр къыщихьыщ и гуращэр,
ІэщIэкIэр кIыфIым фIыкIуагъэ.

Машинэ мафIыр мэхъу нэхъ кIащхьэ,
Мэзыщэр жьыхэр золIащэ,
Къэгаlэ бгъуэр мэхъур лъахъщэ,
Мазэр Іэ хужьыIэ быим жолIащIэ.

Къурщыщхьэ нэхъэр зэгъэжами,
Жейм емыдзэгъыр Іуащхьэмахуэщ.
Жэщыр щхьэщыкIэ нэху щами,
КъыщынэхуцIэ ножьэр махуэм.

Кърегъэблагъэ дыгъэ гуащIэр,
И лъэрыгъыкIыр губзыг,
А хэщIэ гуанэм хуэгумащIэр,
И пэрыр анэ къегубзыг.

Быымым хьэщIэр и нэм хуегъыр,
ФIы дидзу жIыри зэрольагъ.
Сэ си щхьэгъуэр сигу прохыр,
Аущ анэдэдзу сэлъмыгъагъ.

ІУАЩХЬЭ ДЫКЪУАКЪУЭ

Къуршми быим ялъэгъэкIыу
Іуащхьэр лъагэу щIэм лъоIэ.
Уафэр къеIуэмэ къыкIещынэу
Быи абрагъэр йохэр щэс.

Пщэ Іэрамэр и пIэжьэщ,
Уафэр гъагъэрэ фIэмыIуху.
Щыблэ дидзр гуэ пащти
Къимыгъанэу зэрынэхуц.

ЩIым сыт Іэхэр къыщохьуами
Іуащхьэр хомкъ, зэфIегъэзэ.
Уафэм нэхъэ нэхъ Іэдэжу
И Іэдаегъэ фIыр щIегъэзэ.

Уафэу щхьэдантIэр зэ къыпохьэ,
Щыблэ сэщхэр нэщIелъыщ.
Іуащхьэ абзэр къыкIэнэу
Мурадыщхэр гум пIыщ.

Пшыхри жьыбгъи быим къодагIэр.
КъежьагIэм зэ арет.
«Мыр фи лъагъэщ»,- къажриIэм,
Къигъэлъагъэм кIори тIетщ.

Уэсу тIелым хохьэ защIэ,
Дыгъэ гуащIэр нэмыгъэщ.
И щыщ джанэр зэрыгужьу
Жэщ къыпIехьэм, нэху гъэщ.

«Сыт мы Іуащхьэм и мурадыр?
Мыр си гъэщым зэ къихьэну!» -
ЖкIэу дафэм ещI гурыщхьэ,
Хьэзырыщу къыпIехьэм.

МафIэхъэмкIыр нэм къыщIехьр,
Къегъэжкр и щэрэз.
Щыблэ сэщхэр къерехьэтри
Іуащхьэм и щхьэр зэгъэгъэ...

А лъэхъэнэм къыщыIуцэу
Іуащхьэмахэ щхьэпIи хъуащ.
ЩхьэпIыр щхьэпIыщи, зэпкъгъэгъэм –
БийгъэгуфIэу дидзащ.

КIУАЩ Бетал

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Сомлъэ сынэлъыкIыным,
СоцIэ сынэмыс,
Аущ зэи сытIыкIыным,
Гъэгум согъкIыс.

Гъэгър Іуащхьэмахэщ,
ИзащIыгу сихьэху,
Си мурадыр нахэщ –
Псым щыIэкIым нсэу!

И гущIыгу зэсыгъэщ,
И лъэдпIр мыл джейщ,
Жыжьэу силь - дзэу гулэщ,
Хуэсщэ - тельыджейщ.

И щхьэр щхьэгъыбгъэдэщ,
Къыкъэм щхьэгонлъыщ,
Дзэкъэр щыпсыдакъэщ –
Альэу къыредзыкI.

Лъабжьэр щыщыгъэмэ,
Ищхьэм нэр щодий,
Мыпхъм кIащIыху нэмым
Псынэу дагъэгъэдий.

ГЪУБЖ Мухьэдин

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

I

Сынэщхьыйуэ,
Сымыжьыйуэ
Сыщыпий сынэ.
Сыпыйпийуэ,
Сыдэмыгъуэ
СыщIощIуэ:
- КъыхэмыщIэ,
Щхьэ мыкIуэдэу
Уэсым хэдэу
Уйгъуй, сэрмахэ,
Іуащхьэмахэ?

II

Пщэ тIемыгъу,
Дыгъэр квиIгъу
Уафэр къащхьэгъэ,
Щыгъэр щхьэпIэм.
Іуащхьэмахэу
Іуащхьэ хахуэм
ЗыгъыпIагъ,
Къыхуегуагъ,
Сигъэлъагъу
Сэлэт къащхьэу,
Іуащхьэ-Іуащхьэу
Тафэм тIетыр,
Сынхэу тIетыр:
- Сэ сощIегъуэ,
Гур хъуау мыгъэ
СогъкIыс,
Согъгъэр -
- Сэ си бынщ,
Зи гур кIыхьэм
Ешхэу кIабгъэу,
Адэжь хэщIр
Яхъуащэжу
Гъэгъвар мащIэ?
Къэнам ахэм
КъамыгъащIэу
Ес си гущIэр...

АФІЭУНЭ Лиуан

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Си нэ-си нсэу
Іуащхьэмахэ,
Іуащхьэ-
Дунейр нэу!
Си гум Іэдэ зрегъэзахэ
Сэ зэ сыщIыгъэхэу!..
Щэху-щэху защIэу
Уэхэлъи
О, си насыщэжщ!
Къыхэсыгъэлъым
Хъуакъым -
Си щэр мэщ
Зэм мэкъу Іэмэ -
Мэкъу Іэмэщхэу
Уэрэ щэсIэ
Уэсхэлъэу
Уабгъэжа кIыщоху.
Мис а щэсыр
ИгъэжкIыну
Дыгъэр и щхьэ пIи си гугъэу
ЩIэкIэщтабзэ сохъу.
Зэми сфIощI
Сосрыгъэ сынэ
ЦIыкIу щыгъабгъ
Зэхэлъадзу гаугъэжаз
Фэгъыгъ - зэсIуцIий!
Если фIыщIи зэ
Нэ дагъэ,
Дагъэ кIыщIыгъкъа?!
Аущ зыми -
Яхьэхэми
Уцей хэщIм урахьну
Зым кIемыхъуIа!..
Тхьэм и нэфIыр
Уэ кIыщыгъуэ!
Ди насыпыр щэрхьи щIэжу
УзоцIеймыщI бгъажэ хъуэ
Зэрымыхъуи сроцIфIэ! -
Тхьэм щысIуэжкIыщ...
НалкъутIалмэс саугъэжу
Усыдэзыкъа а ди кIэхэм
Лъытэгъуейуэ
ТIелъщ и щIыхуэ -
Тхуэмыщыжьжьи.
Анэдэдзу
ГурыфIыгъуэу
Уэрэмпыжьи!
Анэдэдзрэ
УщIэщхьэгъуэ
Уэрэмыгъэ!
Ар зигу илъу
КъокIуэфIэм
Йожьр
И гурыгъ.-
...Адыгэалим
Уэ жьыр кIыIэу
СфощIыр
Уащхьэрыгъ!..

СОНЭ Абдулчэрим

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

И щафэр щIыкIэгъэу,
Пщэ Іэкъэм и жьаугъэу,
ПщIэ заугъэм и бэр,
Псэлъэну хъэгъуеу
Щыгъ хэдэщ къуршэ-дадэр-
Къуршэ-дадэу нэхъыкIэхэр-
Ди Іуа-щхьэ-ма-хуэр.

Си блынкIр щафэбгъэу
Суэнту ар щIалм,
Зигъохьэ сигъэгъу,
ПщIэ хэсщIыр хэхуэ.

Хэт зэщIэр зимыгъыр
Къуршэ-дадэр си дежкIэ?
Ар си кIэм щIишIасэр
Щхьэмэнкъым сигъэщIкIэ:
Дунейкъи ахърэкъи
ИреIэ нэм тIхьэкIэр,
Къуршэ минэм я адэр
Тхьэмадэу слъыкасэ;
ЦIыкIугъэр зи кIуальэу
Лъэкъ хабзэу къыгъэкIыхэм
Я динми сэ сигъкъ.
Зэгъэрым кIыгъыгу
Хъэхъэбзкъэр щыгъэкIи,
ЩIыгъэмкIэу кIэщIу
Си кIалъэм есщIэкIыр
Лъэкъ нанэу сигъэльу
Тхьэ лъэщу жьакIэхурщ –
Дыщэжь Іуащхьэмахуэщ.

ИУАН Бубэ

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Щыгу тажитIыр дыгъэ гуащIэм
Нэр ицIыкIыгу гъэтIхъэгъэлъ,
Уэфl щыхъэщыр къыгъгъащIэ,
Уейм ар бгъэгъкIэ кIыкIыгъэлъ.

Щыгу Іэдэбу Іуащхьэжь махуэр,
Щохъу и лъагэм бгъэжьэр лъэс
ЩIым щыжэщым ди гъэмахуэр
Хэлъэщ дарэм гъэжьыгIэ дэс.

Хуэлъэщ дейм я нэхъ кIыпкIыр,
Гельщ мыкIыжьхэм я гугъехь...
ЩIым борэнэр щохъыпкIыр
Щхьэщыпхаз кIэкIэ ехо!

КIЭЩIТ Мухьэз

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Уэ щогъэвыр, Іуащхьэмахэ, ди гум
Гуадэ, гуфIэгъуэу щIым щыкIэгъэна пор.
ПIэкIр емыщIыжу дищхьэщыгъщ Хэщум,
Уи нэгум щIоIыр хэт сыт хуэдэу нсэм.

Махуэ блэсIахэм здахьа Іэхугъуэр,
Уэ лъагъэм хуэдэу ноби ди нэгу щIэтщ.
Ди бийхэм къуажэу ягъэсам и Іугъэр
Щагъэдэу щэжьри ди щхьэм къыщхьэщыгъщ.

Къэнкалъэ умыщыму уэ зэ заугъэ,
Си лъэпкъ хъыбарыр къыхэщIы нэхъ къулей.
Сабий гъым къыгуритхъыну ищIэ щIыхъуэр
Зи анэ зоохар къыхэщIыкI сэкIей.

Дзей зыгъэкуащIу ди адыгэ щыжьхэм
Лъэпкъыр щIищIахэм я гугъу къыхэщIыкI.
Уэ гуадэ нэсу щыбгъэпщкIуар ди щIыгум
Псы дэду ди бгъэм къыщыхъуащ.

Уэ щогъэвыр, Іуащхьэмахэ, ди гум
Гуадэу, гуфIэгъуэу ди нэгу щIэкIа пор.
ПIэкIр емыщIыжу дищхьэщыгъщ Хэщум,
Уи нэгум щIоIыр хэт сыт хуэдэу нсэм.

Уэ умыбзыщIу жьы, ди тхьэмадэ,
Хъуащ кIуцIафIэу зэ ди гъащIэр из.
Бийм я нэхъ бзаджэм къыщIамэ и гадэр,
А дэр пкъыгэну дунейм къыкIемыдз.

ЛIэщIыгъуэ щхэди лъагъэщIу Іуащхьэмахэ,
ЩIэблэ къыкIэхъуэм дэри дхэкIыну.
ДелагъэкIэ дзэкIэдзыпкъыкIым зэ ди махуэ,
Бэм ахэтхэщIахэр ахэщIэдзэжьыну.

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Хэку мащIэ зэкъыщи сэ щхрэ-лъэсэ!
Лъэпкъ мащIэм я щыгъуасэти сэ сIуда!
Сыт щыгъуи зэращ сэ силар зэкIэсэ,
Ди Іуащхьэмахэ,- зэи сигу зимыда!

«Узыщыщ лъахэр?»- къыщаIамэ щыхуэм,
Сигъащхэу яе зи щIэ зэрщ исIар;
Сыгъкъалъхьа лъэпкъ мащIэр ямыщIыгъуэ,
Узэращ сэ нанщIэкIыгу гъэлъэгъуар.

О, дэнэ сымыщIами сыкъэфащэу
СыкъэгъэжьыфIэ, сыкIу сехъуIам!
Ди лъэпкъ нагъыщэу къуршхэм я тхьэмадэ,
УзгъэнэщIэ, къыузх кIэлам!

МАХУЭЛІ Нарзан

ІУАЩХЬЭМАХУЭ ЛЪАПЭ

Къуршхэм хэщIэ защIамэ,
Уи щхэ кIыIэ хуэдагъэщIыж.
Я щыгъыгъасIэ кIыгъамэ,
Дыгъэ бзыгъ мерфыжьж.

Къыр кIэсыхуцIэ Іэфкъщэу
КъанкъроскIри нэху,
Дыгъэ цIыкIу зрыгъ гущэу,
Ар лъагъкъу догъэлэху.

ГъащIэм хэль залымыгъэр
Къэхъуащ щыкуэмыхьыж,
Зи адэ хуэдиз гугъэ
Арэзрохьэу кIыгъыж.

Доlэбгъри, къуршхэхъэм
Уафэм бгъэр кIрах.
ПхущIэблахэу, аскъэхъэм
Сурэм Іэдэ кIрах.

Уэ дгъощ а сурэтым
ПщыгъфIэкIыгу гуней.
Уи гущIыгъэм кIэ хэкIым
ХолъыкI къуршхэ домбейр.

Къуршхэм я гур мыхьэу
Сэ мехъухэ си фIэщ.
Уекъэжам кIыкIэщIыхьэу
Къыкъэм кIэщ кIаIущэщ.

Псыхэр кIодзэ дащIыкI
Зэхъуэгъэхэу я мазэ,
КъыкъуикIэхэу нэбгъущIэ
Мыдзэр кIэщ кIыкIуосаз.

Сэ сфIэгъанэщ мы лъахэр...
Зи щIэщыгъуэр пIыкI
Гукъэ кIабгъэу, къуршхэр
Сфощ! гуней хэхъуI.

Иужьрей дакъикъипщIым текIуэныгъэр зыIэщIагъэкI

● Футбол

«Динамо» (Мэскуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:1 (0:1). Химки. Арена Химки» стадион, Бадзэуэгъуэм и 18-м. Щыхъ 6611-рэ епIащ.

Судьяхэр: БИЛЛОВ (Уфа), Поглазов (Йошкар-Ола), Хачиров (Дон Iус Ростов).

«Динамо»: Габулов, Комбаров К., Колодин, Гранат, Комбаров Д., Кокорин (Ковальчик, 50), Уилкшир, Хохлов, Смолов (Танасьевич, 58), Свежов (Ропотан, 46), Кержаков.

«Спартак-Налшык»: Радич, Кисенков, Джудович, Амисулашвили, Ятченкэ (Паро ди, 90+3), Леандру, Мэшыкъуэ, Концедалов, Гогэ (Бикмаев, 61), Джатэрывэ (Концевой, 81), Калимуллин.

Тоих эр дагъэкIащ: Леандру (пенальтикIэ), 45 - 0:1. Хохлов, 80 - 1:1. Кержаков, 90 - 2:1.

Дагъуэ хуащIащ Леандру, Свежовым, Ропотан, Колодин, Ятченкэ.

ТХЬЭМАХУЭМ кьрийуэ дэу зэкIэлъхьэужьу нэгъуэщI кьалэхэм зэIущIэ ещанэ щриГъэкIуэкIащ «Спартак-Налшыкым». ШIэбэт кIуам ар Мэскуу щыIущIащ «Динамо»-м.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэм щеГъэжьауэ хэгъэрейхэм хуабжьу зыкъыхэхъуахащ. ЕтIуанэ дакъикъэм угловойкIэ кьыхэта топым ерагъкIэ Радич кьыхэзрыригъэгъэзар. КьыкIэлъыкIуэу налшыкдзэхэм зыбжанэрэ кьебГъэрыкIуэу Смоловыр, У илкшир, Комбаров зэкъуэшхэр, Хохлов, Кержаков сымэ. КIэщIу жыпIэмэ, и пэ дакъикъэхэм мэзкуудзэхэр «Спартак-Налшыкым» и Гъэм кьыбгъэзыжьаурэ.

Ыкьхэ ныкъуэр БгъэкIауэщ хьэщIэр зэпIэзэрыт щыхьужар. Налшыкдзэхэм контратакэ псынщIэ кьыхэзрагъэзэжьыным ехъулIэныгъэ кьыхуихьыным зымащIэщ иIэжар. Топыр кьызыIэрыхьэ Ятченкэ лъэщу гъуэм еуащ, арщхьэкIэ Габуловыр абы хуэхъэзыру кьыщIэкIащ. Ди щIалэхэм я кьыкIэлъыкIуэ ебГъэрыкIуэныгъэм Мэшыкъуэр хэгъэрейхэм я Гъуэм пэмыжжьэу топым щеуащ, ауэ арагъэру Гъуащхьэтетым и Iэзагъ лъагэр кьигъэлъэгъуащ. ЗэIущIэм и пэщIэдзэ дакъикъэхэр жыджэру езыгъэкIуэкIа «Динамо»-м и футболистхэр нэхъ щIэжьыхьэ жуэдэт, абы кьыхэкIи «Спартак-Налшыкым» Iэмал кьыхуэкъуэкIа псори иэсу кьызэригъэсэбэпныным хущIэкъуат. Апхуэдэ хэщIу щIыщ зым и хьэрхуэрэгъуэм я IащIэкIаэу Гъуэм хуэкIуэ Гогэ ирадущ. ШтрафнойкIэ Концедаловым кьыхэта топым Леандру щхьэкIэ еуащ, ауэ зымащIэкIэ Гъуэм блэлъэтащ.

Зэман кIэщIкIэ зизыча налшыкдзэхэр кьэгъэувыIэжыгъуейт. «Динамо»-м и футболистхэм абыхэм зыри пагъэувыфыртэкъым. Апхуэдэу Гупышуэкъэ ди щIалэхэр ебГъэрыкIуэу Гъуэм хуэкIуэ Джатэрывэр Свежовым иридащ - пенальти. Ар Iэзэу игъэзэщIащ Леандру. Кьаруурхуэр зыхихьна топыр штангэм теуэрэ Гъуэм дыхьащ - 0:1.

Бжыгъэр кьызэрызэIухакъм и лъэр жан кьэзыща «Спартак-Налшыкым» зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр нэхъ жыджэрыкIу кьыщIидзащ. Мэзкуудзэхэм я футболистхэр губГъуэм и кум фIэкIыфыртэкъым, адэкIэ ди щIалэхэм абыхэм я ебГъэрыкIуэныгъэр кьыхэзопаудырт икIи контратакэ псынщIэхэр щIэх-щIэхыурэ кьыхэзрагъэпэщыгъ. Апхуэдэу Джатэрывэр хэгъэрейхэм я Гъуащхьэхьэмэхэм яIащIэкIри топым еуащ, ауэ хуэзакъым.

«Динамо»-р хьэщIэхэм я джэгуклэм и щэхуэхр жуэм-хуэмурэ зригъащIэурэ, Гъуэм кьебГъэрыкIуэрт. Кержаковым «Спартак-Налшыкым» и штрафнойм топыр кьыщидзэрэ, лъэщу еуащ, ауэ Радич и Iэзагъ лъагэр абдеж кьыщигъэлъэгъуащ икIи топым кьригъэгъэзащ. Мэзкуудзэхэм я кьыкIэлъыкIуэ бгъэрыкIуэныгъэм и ужькIэ Комбаровым Кирилл зэуа топри ди Гъуащхьэтетым кьыщтащ.

КьыкIэлъыкIуэ зэман кIыхьым джэгур зэрыхуейм хуэдэу ирагъэкIуэкIащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым икIаэм. Джатэрывэр арэзгъэру ирауда нэужь, Кисенковым хьарзынэу штрафнойр игъэзэщIащ, ауэ сантиметр бжыгъэкIэ топыр штангэм блэлъэтащ. КьыкIэлъыкIуэу хэгъэрейхэм я Гъуащхьэхьэмэм �IэщIэкIа щыуагъэр кьигъэсэбэпащ Бикмаевым - абы и топри зымащIэкIэ Гъуэм техуакъым.

ЗэIущIэм хуэхъа зэманыр ирухьным дакъикъипщI хуэдизкъэнэжауэ «Динамо»-м зыкьыхэщIикъуэрэ, гупышхуэу ебГъэрыкIуэн щIидзащ. Уи унэм уащIэжэгуу турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэм ящыщ зым щыт командэм очко кьызыфIебГъэхь зэрымыхъунур, гувауэ щытми, кьызыгурыIуэ мэзкуудзэхэм щытыкIэр зэрагъэзэкIуэжьным я кьару псори хальхьащ. Хэгъэрейхэм я ебГъэрыкIуэныгъэм и ужькIэ Мэшыкъуэм топыр кьригъэгъэзащ, ауэ зэрымыщIэкIэ ар «Динамо»-м и капитан Хохловым кьыIэрыхьащ. Гугъуэгъэ демыхъу абы бжыгъэр зэхуэдэ ищыжащ - 1:1.

Топ зэрыщIагъэкIам гугъэщIэкъэр кьеЗэтыжьа ди хьэрхуэрэгъуэкъэ здынэсам кьыщыувыIэн мурад яIэтэкъым икIи аэр зэпымыууэ ебГъэрыкIуэ зэрыкIуэрт. Арати, зэIущIэм и иужьрей дакъикъэм «Динамо»-м текIуэныгъэ кьыхуэзыхьа топыр Кержаковым дигъэкIащ - 2:1.

КьыкIэлъыкIуэ зэIущIэрэ, 11-нэ джэгуГъуэм щыщу ягъэIэпхъуар, «Спартак-Налшыкым» Мэзкуу щриГъэкIуэ-кIынущ. Бадзэуэгъуэм и 22-м ар IущIэнущ ЦСКА-м.

Адрей зэIущIэкэр мыпхуэдэу иухащ: «Рубин» - ЦСКА - **1:2**, «Спартак - «Крылья Советов» - **1:1**, «Тэрч» - «Зенит» - **3:2**, «Москва» - «Кубань» - **4:1**, «Амкар» - «Локомотив» - **1:1**, «Сатурн» - «Ростов» - **4:0**, «Томь» - «Химки» - **4:0**.

ЖЫЛАСэ Замир.

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIым и теплъэр

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	14	8	3	3	27-12	27
2. «Москва»	14	7	5	2	17-7	26
3. «Спартак»	14	7	3	4	22-12	24
4. ЦСКА	13	7	2	4	21-12	23
5. «Динамо»	14	7	2	5	16-16	23
6. «Зенит»	14	6	4	4	22-15	22
7. «Крылья Советов»	14	6	3	5	15-14	21
8. «Тэрч»	14	5	5	4	17-19	20
9. «Локомотив»	14	4	6	4	14-15	18
10. «Ростов»	14	4	6	4	10-13	18
11. «Томь»	14	4	4	6	13-17	16
12. «Сатурн»	14	3	6	5	13-19	16
13. «Амкар»	14	3	6	5	13-20	15
14. «Кубань»	14	3	5	6	10-18	14
15. «Спартак-Налшык»	13	1	6	6	11-15	9
16. «Химки»	14	1	4	9	11-28	7

Мэшыкъуэ Асльэнрэ Кержаков Александррэ зэпэщIэтащ.

Дзыхьыр ягъэпэжакъым

«Нижний Новгород» (Новгород Ищхьэрэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (0:0, 0:0, 2:0). Новгород Ищхьэрэ, «Северный» стадион, Бадзэуэгъуэм и 15-м. Щыхъ 3200-рэ епIащ.

Судьяхэр: КОВАЛЕВ (Тамбов), Зарипов (Санкт-Петербург), Новокшонов (Ижевск).

«Нижний Новгород»: Коченков, Джатэгъэжь, Шпедт, Васин, Живцов (Баганов, 99), Козлов, Зюзин, Черевкэ, Мавлетдинов (Адиев, 38), Земченков, Бородин (Говоров, 68).

«Спартак-Налшык»: Радич, Битокъу (Ятченкэ, 67), Плиев, Филатов, Феррейрэ, Бырхьэм, Джатэрывэ, Дзыхьмыщ1 (Концедалов, 61), Бикмаев (Гогэ, 75), Концевой, Гъуэщокъуэ.

Тоих эр дагъэкIащ: Васин (103). Говоров (110).

Дагъуэ хуащIащ Черевкэ, Ятченкэ, Плиевым, Джатэгъэжьым.

БЕРЭЖЬЕЙ кIуам зэкэтащ Ярысеим и Кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Iыхьэм хиубыдэ зэIущIэкэр. Абы ипкъ иткIэ, «Спартак-Налшыкыр» Новгород Ищхьэрэм щыIущIащ яIэ дивизионым щыджэгу «Нижний Новгород» командэм.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэ дакъикъэхэр командэхэм зэхуэдэу ирагъэкIуэкIащ. ЕбГъэрыкIуэу джэгур кьыщIэзыдза налшыкдзэхэр хэгъэрейхэм занщIэу кьагъэIурыщIащ, ауэ езыхэми гъуэм екIуэлIэну Iэмал ягъуэтырэкъым.

ЕтIыкIутIанэ дакъикъэм «Спартак-Налшыкыр» пъэгъэщу штрафной еуащ, арщхьэкIэ топыр хэгъэрейхэм ящыщ зым техуэри кьигъэлъеижащ. КьыкIэлъыкIуэ дакъикъэм «Нижний Новгород»-м ебГъэрыкIуэныгъэ псынщIэ кьыхэзригъэпэщащ икIи Бородин Радич и гъуэм пэгъунэгъу дыдэ щыхьэм, ди гъащIэхьэмэхэм кьагъэувыIащ.

ЗэIущIэм и яIэ Iыхьэм хуэхъа зэманым и ныкъуэр блэкIа нэужь, Кьэбэрдей-Балъкъэрым икIа командэр щIэужьыхащ. Хэгъэрейхэр абы и фIыгъэкIэ нэхъ жыджэр кьэхъуэрт, зыбжанэрэ ебГъэрыкIуэныгъэхэр кьызэрагъэпэщащ икIи топ дагъэкIыну Iэмал куэд яIащ.

ЕтIуанэ Iыхьэм, яIэм и кIэухым хуэдэу, «Нижний Новгород»-м жыджэру кьыщIидзащ. Дакъикъэ зыбжанэ дэкIаэу Радич и гъуэм лъэщу еуащ нэгъабэ «Спартак-Налшыкым» щыджэгуауэ иджы бдзэжьэу хэгъэрейхэм ирата гущыIэхьэмэныкъуэ Васин Виктор, ауэ гущыIэхьэтетыр абы хуэхъэзырти, топым кьригъэгъэзащ. Ди щIалэхэм контратакэ псынщIэ кьызэрагъэпэщри, топыр Дзыхьмыщ1ым кьыIыгъащ. АрщхьэкIэ ар зэуа топыр кьигъэувыIащ зыхъэрэгъуэхэм яхэту а махуэм джэгуклэ кьэрагъэкIуэ. Ар ебГъэрыкIуэ, Радич хуэзащIэу гъуэм еуащ. Ди гъащIэхьэтетым кьигъэлъеижа топыр гъуэнэщIым Черевкэ худэгъэкIакъым.

ЗэIущIэм хуэхъа зэманым щыщу дакъикъэ тIощI нэхъхьыбэ кьэмынэжауэ трехэрхэм командзэхэр ягъэIащIэкIыгъуэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм хуэфэщэн кIэух ирагъэгъэуэтыфакъым.

Ещанэ Iыхьэ кIэщIыр ихухьным дакъикъитI нэхъыбэ кьэмынэжауэ хэгъэрейхэр яIэ иригъэщащ Васиным. ШтрафнойкIэ кьыхэта топым ар щхьэкIэ еуащ икIи Радич абы пэпэщIащкъым - 1:0.

Бжыгъэр кьызэрызэIуахам зи лъэр жан ищIа хэгъэрейхэм епIанэ Iыхьэм нэхъ жыджэрэкIэ кьэхъуащ. Ещанэ Iыхьэ зэрыщIидзэжу «Спартак-Налшыкыр» жыджэру дакъикъэ 30 зи кIыхьагъ Iыхьэм хуэкIуащ. АбыкIэ фIыналым и 1/8-нэ Iыхьэм кIуэнур зэхэмыкIмэ, командэхэр пенальти еэзнут.

КьыщIагъуэ яIэ Iыхьэм зэрыщIидзэжу «Спартак-Налшыкыр» жыджэру дакъикъэ зыбжанэкIэ ебГъэрыкIуащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм хуэфэщэн кIэух ирагъэгъэуэтыфакъым.

ЕщанэкIэ кIэщIыр ихухьным дакъикъитI нэхъыбэ къэмынэжауэ хэгъэрейхэр яIэ иригъэщащ Васиным. ШтрафнойкIэ кьыхэта топым ар щхьэкIэ еуащ икIи Радич абы пэпэщIащкъым - 1:0.

Бжыгъэр кьызэрызэIуахам зи лъэр жан ищIа хэгъэрейхэм епIанэ Iыхьэм нэхъ жыджэрэкIэ кьэхъуащ. Ещанэ Iыхьэ зэрыщIидзэжу «Спартак-Налшыкыр» жыджэру дакъикъэ зыбжанэкIэ ебГъэрыкIуащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм хуэфэщэн кIэух ирагъэгъэуэтыфакъым.

ЕщанэкIэ Iыхь